# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 22-февральдағы «Улыўма орта билим бериў мәкемелеринде 5-класстан баслап бирден-бир класс басшысы жумысларын шөлкемлестириў ҳаққында»ғы 41-санлы буйрығы ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.Мирзиёев басшылығында 2021-жыл 19-январь күни Республика Руўхыйлық ҳәм ағартыў кеңесиниң видеоселектор түринде өткерилген мәжилисиниң 3-санлы баянында белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў, улыўма орта билим бериў мәкемесиниң класс басшыларының жумысларының нәтийжелилигин арттырыў ҳәмде Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 22-февральдағы «Улыўма орта билим бериў мәкемелеринде 5-класстан баслап бирден-бир класс басшысы жумысларын шөлкемлестириў ҳаққында»ғы 41-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 22-февральдағы «Улыўма орта билим бериў мәкемелеринде 5-класстан баслап бирден-бир класс басшысы жумысларын шөлкемлестириў ҳаққында»ғы 41-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.
2. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 22-февральдағы 41-санлы буйрығы менен «Улыўма орта билим бериў мәкемесиниң класс басшылары жумысларын шөлкемлестириў туўралы реже»си қосымшасына муўапық тастыйықланғанлығы, усы буйрық қабыл етилиўи мүнәсибети менен Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2020-жыл 30-июльдеги 180-санлы буйрығының 2-қосымшасы менен тастыйықланған “Улыўма орта билим бериў мәкемесиниң класс басшылары жумысларын шөлкемлестириў туўралы реже”си өз күшин жоғалтқанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.
3. Руўхый, әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлими (Р.Танирбергенов) **бир күн мүддетте** усы буйрықты барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлерине ҳәмде республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелерине жеткериў ҳәм оқыў жылы

даўамында қала ҳәм районларда орынланыўын қадағаласын.

4. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықлары ҳәмде республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына:

**үш күн мүддетте** усы буйрықтың орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде оның мазмун-мәнисин кең педагогикалық жәмәәтке жеткериў, улыўма орта билим бериў мәкемелериниң класс басшылары жумыслары нәтийжелилигин арттырыў бойынша шөлкемлестириўшилик илажларын көриў;

улыўма орта билим бериў мәкемелериниң класс басшылары жумысларын шөлкемлестириўде усы ҳүжжетлер талапларына қатаң әмел етилиўин тәмийинлеў ўазыйпалары жүклетилсин.

5. Министрликтиң баспа сөз хаткери (Т.Даўлетмуратов) усы буйрықты министрликтиң социал тармақлардағы рәсмий сайтына жайластырсын.

6. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министр орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
«22» 02 2021-жыл
47-санлы